



MATERI KHUTBAH JUMAT



AMAL SHALIH PENYELAMAT SAKING SIKSA KUBUR

Abdul Halim Tri Hantoro, S.Pd.I

[GRATIS] LANGGANAN MATERI
KHUTBAH JUMAT DAN KHUTBAH ID

Segera hubungi WA admin dakwah.id

0895-8060-18090

www.dakwah.id

↗ @dakwahid

⌚ @igdkwh

Yuk,
dukung
dakwah.id
dengan
berbelanja buku
di sini

www.bukubagus.id

Ingin berlangganan materi khutbah Jumat
yang akan langsung dikirim
ke nomer WhatsApp?

Caranya mudah.

Sentuh nomor WhatsApp berikut ini:

0895-8060-18090

Atau, bisa juga langsung chat WA ke nomor di atas.

AMAL SHALIH PENYELAMAT SAKING SIKSA KUBUR

Pemateri: Abdul Halim Tri Hantoro, S.Pd.I

إِنَّ الْحَمْدَ لِلَّهِ الَّذِي نَحْمَدُهُ وَنَسْتَعِينُهُ وَنَسْتَغْفِرُهُ وَنَعُوذُ بِاللَّهِ مِنْ شُرُورِ أَنْفُسِنَا وَمِنْ سَيِّئَاتِ أَعْمَالِنَا
مِنْ يَمْدُدُهُ اللَّهُ فَلَا مُضِلٌّ لَهُ وَمَنْ يُضْلِلُ فَلَا هَادِي لَهُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ
لَهُ وَأَشْهُدُ أَنَّ مُحَمَّداً عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى نَبِيِّنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ وَمَنْ
تَبَعَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الْقِيَامَةِ أَمَّا بَعْدُ

عِبَادَ اللَّهِ أُوصِيُّكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللَّهِ عَزَّ وَجَلَّ حَيْثُ قَالَ تَبَارَكَ وَتَعَالَى أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنْ
الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ :

يَا أَيُّهَا النَّاسُ اتَّقُوا رَبَّكُمُ الَّذِي خَلَقَكُمْ مِنْ نَفْسٍ وَاحِدَةٍ وَخَلَقَ مِنْهَا زَوْجَهَا وَبَثَ مِنْهُمَا رِجَالًا
كَثِيرًا وَنِسَاءً وَاتَّقُوا اللَّهَ الَّذِي تَسَاءلُونَ بِهِ وَالْأَرْحَامَ إِنَّ اللَّهَ كَانَ عَلَيْكُمْ رَقِيبًا
يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ حَقًّا تُقَاتَهُ وَلَا تَمُؤْتَ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسَلِّمُونَ
يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ وَقُولُوا قَوْلًا سَدِيدًا يُصْلِحُ لَكُمْ أَعْمَالَكُمْ وَيَغْفِرُ لَكُمْ ذُنُوبَكُمْ وَمَنْ
يُطِيعُ اللَّهَ وَرَسُولَهُ فَقَدْ فَازَ فَوْزًا عَظِيمًا

فَإِنَّ أَصْدَقَ الْحَدِيثِ كِتَابُ اللَّهِ وَخَيْرُ الْهُدِيِّ هُدُوْ مُحَمَّدٌ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ، وَشَرُّ الْأُمُورِ
مُحَدَّثَاتِهَا، وَكُلُّ مُحَدَّثَةٍ بِدُعَةٍ وَكُلُّ بِدُعَةٍ ضَلَالَةٌ، وَكُلُّ ضَلَالَةٍ فِي النَّارِ أَمَّا بَعْدُ

Sumangga kita syukur dhumateng ngarsanipun Allah *subhanahu wata'ala* Dzat kang sampun, tansah lan taksih maringi nikmat kang kathah sahingga kita sedaya saget kuat lan mampu negakaken ibadah Jumat siang dinten kang minulya punika.

Shalawat lan salam katunjuk katur dhumateng junjungan kita Rasulullah Muhammad *shallallahu 'alaihi wasallam*, sumrambah dhateng kaluwarganipun para sahabat, ugi para penderekipun dumugi dinten kiamat. Amin

Saklajeng khatib tansah nasehataken jamaah sedayanipun mangga sesarengan kita tingkataken iman lan takwa dhumateng Allah Ta'ala, awit takwa menika bekal ingkang paling sae nalika samangke kita sowan wangsul wonten ngarsanipun Allah.

Allah Ta'ala paring pangandikan ing surat Ali Imran ayat 102,

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ حَقًّا تُقَاتَهُ وَلَا تَمُوْنَ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ

“He para wong Mukmin kabeh, sira padha wedia ing Allah kalawan sajatin ing wedi, lan sira aja padha mati, kajaba mati Islam.”

Jamaah shalat Jumat ingkang dirahmati Allah

Saktemene wonten antawis prakawis ingkang paling dipun ajrihi dening tiyang iman wonten panggesangane sakmenika. Kados pundi kawontenanipun sasampun dheweke nilaraken donya ingkang fana puniki?

Punapa piyambakipun angsal Rahmat wonten alam kuburipun utawi malah angsal adzab? Punapa piyambakipun benjing mlebet dhateng Jannah ingkang kebak kaliyan kenikmatan utawi piyambakipun mlebet Neraka ingkang kebak kaliyan kepedihan?

Pramila setunggaling sahabat lan khalifah Nabi kang minulya naminipun Utsman bin Affan nalikaning lumampah wonten sak ngajenge kuburan piyambake banjur muwun ngantos teles janggutipun. Dingendikakaken, panjenengan menika menawi diemutaken masalah Surga lan Neraka mboten muwun, punapa nalika

panjenengan jumeneng wonten ngajeng kuburan banjur muwun?

Ustman matur, "Aku tau krungu Kanjeng Nabi Muhammad *shallallahu 'alaihi wasallam* ngendika:

إِنَّ الْقَبْرَ أَوَّلُ مَنَازِلِ الْآخِرَةِ، فَإِنْ تَجَنَّا مِنْهُ، فَمَا بَعْدَهُ أَيْسَرٌ، وَإِنْ لَمْ يَنْجُ مِنْهُ، فَمَا بَعْدَهُ أَشَدُ
مِنْهُ

"Satemene kuburan yaiku awal persinggahan akhirat, menawa slamet saka kono sabanjure bakal luwih gampang, lan menawa ora slamet saka kono sabanjure bakal luwih abot."

Rasulullah *shallallahu 'alaihi wasallam* lajeng paring sabda, ingkang dipun riwayataken Imam Ibnu Majah,

مَا رَأَيْتُ مَنْظَرًا قَطُّ إِلَّا وَالْقَبْرُ أَفْطَعَ مِنْهُ

"Ora tau aku weruh sesawangan kang banget ngereni kajaba saka (siksa) kubur."

Kados menika kahanan sahabat Utsman bin Affan kang sampun pikantuk jaminan dados ahli jannahipun Allah *subhanahu wata'ala*, ananging taksih saestu kuatos tumrap nasibipun benjang wonten ing alam barzakh.

Jamaah shalat Jumat ingkang dirahmati Allah

Tiyang iman saestu yakin bilih alam kubur utawi alam barzakh menika wonten nikmat lan siksanipun. Tegesipun, bilih tiyang ingkang pikantuk nikmat wonten alam kubur menika dados pambuka nikmat kang langkung sae inggih punika wonten alam akhirat.

Semanten ugi tiyang ingkang pikantuk siksa wonten alam kubur menika dados pambuka siksa kang langsung awrat inggih punika wonten alam akhirat.

Allah *subhanahu wata'ala* paring firman wonten ing al-Quran surat Al-Mu'min ayat 46:

الَّذِينَ يُرْضُونَ عَلَيْهَا غُدُوًّا وَعَشِيًّا وَيَوْمَ تَقُومُ السَّاعَةُ أَذْخِلُوهَا أَلَّا فَرَغُونَ أَشَدُ الْعَذَابِ

"Ing besuk Neraka iku bakal dipitontonake marang wong-wong mau saben esuk lan sore. Lan besuk dina kiamat, Allah dhawuh marang para Malaikat: Sira nglebokna kulawargane Firaun ana ing siksa kang abot."

Imam al-Qurthubi wonten ing kitab tafsiripun njelasaken, bilih ayat menika setunggaling dalil ingkang negasaken wontene siksa kubur lan nikmat kubur. Kados ingkang diyakini Mujahid, Ikrimah lan Muqatil ugi ahli tafsir sanese.

Saking sunnah inggih kathah sanget hadits ing njelasaken perkawis punika. Kadosa ingkang dingendikakaken Rasulullah *shallallahu 'alaihi wasallam*, ingkang dipun riwayataken imam al-Bukhari,

يَتَّبِعُ الْمَيِّتَ ثَلَاثٌ فَيَرْجُعُ اثْنَانٍ وَيَبْقَى وَاحِدٌ يَتَّبِعُهُ أَهْلُهُ وَمَالُهُ وَيَرْجُعُ أَهْلُهُ وَمَالُهُ وَيَبْقَى
عَمَلُهُ

"Kang numuti mayit menyang kubure ana telu, banjur loro bali lan kang tinggal ngancani mung siji; kang numuti yaiku kulawargane, bandhane lan amale, banjur bali kulawarga lan bandhane, lan kang tinggal mung amale."

Menawi sampun mangertosi bilih alam kubur menika wonten nikmat punapa siksane, mila mangga kita sesarangan tansah ikhtiyar supados saget slamet saking siksanipun lan saget nggayuh nikmat-nikmatipun.

Jamaah shalat Jumat ingkang dirahmati Allah

Wonten 4 Amal kang saget nylametaken tiyang saking siksa kubur, yaiku kang kasebat wonten ing ngandap menika:

Istiqomah Nindakaken Amal Shalih

Mangga sesarengan kita tansah nindakaken amal shalih kanthi istiqomah, ampun ngantos mandeg. Shalat fardhu, siyam, zakat, sedekah, silaturahim, lan tumindak ihsan kelawan sanes menika sedaya saget nylametaken saking siksa kubur.

Allah Ta'ala paring firman wonten ing Al-Quran Surat Fushshilat ayat 30,

إِنَّ الَّذِينَ قَالُوا رَبُّنَا اللَّهُ ثُمَّ اسْتَقَامُوا تَنَزَّلَ عَلَيْهِمُ الْمَلِكَةُ أَلَا تَخَافُوا وَلَا تَحْزَنُوا وَأَبْشِرُوا بِالْجُنَاحَةِ
الَّتِي كُنْنَا مُتُوعِدُونَ

“Satemene wong-wong kang padha ngucap: ‘Pangeran kula punika Allah subhanahu wata’ala’, ing sabanjure padha gelem tumindak jejeg, ing kono para Malaikat tumurun, tembunge: ‘Sampeyan sampun sumelang, tuwin sampun sisah, kula aturi bingah kemawon wonten ing Suwarga ingkang sampun kagadhangaken dhumateng sampeyan.’”

Waki’ bin Jarrah njelasaken, “Al-Busyra” kebingahan wonten ayat menika kedadosan wonten tiga panggenan; saderenge sedo, nalika wonten alam kubur, lan benjang wonten akhirat.

Amal shalih kang diistiqomahi menika saget njalari tiyang wilujeng sakit siksa kubur ugi dijelasaken wonten ing hadits shahih,

“Nalikane mayit didokoke ing jero kubur, piyambake krungu swara terompah para kang ngantara ke mbalik mulih saka kuburane. Menawa mayat iku wong kang iman amalan shalate ana ing dhuwuring sirahe, amalan pasa ana ing shallallahu sawelah tengene, amalan zakat ana ing sebelah kiwane. Amal shalih kaya sedhekah, silaturahmi lan tumindak marang sapadha-padha manungsa; sakabehe ana ing sikile. Saka arah sirahe piyambake ditekani (malaikat kang arep ndhawahi siksa). Shalate ngomong,

مَا قِيلَيْ مَدْخَلٌ

“Ing arahku ora ana dalan mlebu.”

Saka sebelah tengene piyambake ditekani (malaikat kang arep ndhawahi siksa). puasane ngomong,

مَا قِيلَيْ مَدْخَلٌ

“Ing arahku ora ana dalan mlebu.”

Banjur piyambake ditekani saka shallallahu ‘alaihi wasallamela kiwa. zakate ngomong:

مَا قِيلَيْ مَدْخَلٌ

“Ing arahku ora ana dalan mlebu.”

Piyambake banjur ditekani saka arah sikile. Amal-amal kebajikan (kasebut ing dhuwur), kabeh ngomong:

مَا قَبْلِي مَدْخُلٌ

“Ing arahku ora ana dalan mlebu.”

Jamaah shalat Jumat ingkang dirahmati Allah

Istigomah Njagi Thaharah (sesuci)

Sesuci sawise bucal hajat alit napa ageng menika perkawis kang digatosaken kanthi saestu wonten agami islam. Perkaranipun mboten naming gadhah manfaat duniawi ananging manfaat ukhrowinipun nggih kathah tur ageng, antawise saget njaga saking siksa neraka.

Kados hadits shahih ingkang disebutaken,

إِنَّمَا لَيُعَذَّبَانِ وَمَا يُعَذَّبَانِ فِي كَيْنِيرِ؛ أَمَّا أَحَدُهُمَا فَكَانَ لَا يَسْتَرِّ مِنَ الْبُولِ، وَأَمَّا الْآخَرُ فَكَانَ يَمْشِي بِالنَّمِيمَةِ

“Satemene wong loro kwi mau lagi disiksa, lan disiksane dudu amarga dosa gedhe. kang siji disiksa amarga ora sesuci shallallahu ‘alaihi wasallamise nguyuh, shallallahu ‘alaihi wasallametara kang sijine remen mengadudomba.” (HR. Al-Bukhari Muslim)

Jamaah shalat Jumat ingkang dirahmati Allah

Istigomah doa Isti'adzah saking 4 perkara

Doa menika dados sebab kesaenan kang ageng. Doa ugi pertanda keimanan, tegesa ora diarani iman kang bener menawa ora tau ndonga dhumateng Allah Ta'ala. Salah setunggal Doa ingkang diajaraken Rasulullah inggih punika Doa supados slamet saking siksa kubur.

اللَّهُمَّ إِنِّي أَعُوذُ بِكَ مِنْ عَذَابِ الْقَبْرِ، وَأَعُوذُ بِكَ مِنْ فِتْنَةِ الْمَسِيحِ الدَّجَّالِ، وَأَعُوذُ بِكَ مِنْ

فِتْنَةُ الْمَحْيَا، وَفِتْنَةُ الْمَمَاتِ، اللَّهُمَّ إِنِّي أَعُوذُ بِكَ مِنَ الْمَأْتِمِ وَالْمَغْرِمِ

“Ya Allah kulo perlindungan dhumateng Panjenengan saking azab kubur lan saking fitnah al-masih dajjal lan saking fitnah kauripan lan pati lan saking fitnah dosa-dosa lan saking terlilit utang.” (HR. Al-Bukhari Muslim)

Jamaah shalat Jumat ingkang dirahmati Allah

Istiqomah maos Surat al-Mulk saderenge tilem

Aslinipun sedaya ayat al-Quran menika nggadhahi kautaman, ananging ten mrika wonten pinten-pinten surat al-Quran ingking kautamanipun langkung ageng tinimbang surat sanese. Ing antawise nggih punika surat al-Mulk utawi surat Tabarak.

Kados kang diterangne wonten hadits shahih, ingkang dipun riwayataken imam Abu Dawud,

إِنَّ سُورَةً مِنْ الْقُرْآنِ ثَلَاثُونَ آيَةً، شَفَعَتْ لِرَجُلٍ حَتَّىٰ غُفرِلَهُ، وَهِيَ سُورَةُ تَبَارَكَ الَّذِي بَيَّدَهُ
الْمُلْكُ.

“Satemene sajroning al-Quran ana siji surat kang cacah ayate ana telung puluh. Surat kuwi mau arep menehi syafaat kanggo wong sing maca nganti kabeh dosane diampuni, yaiku surat tabarak.”

Ibnu Abbas kandha: Pirang-pirang sahabat Rasulullah masang tenda ing dhuwur kuburan kang dheweke kabeh ora eling menawa iku yaiku kuburan. Dumadakan ana siji kang maca surah *tabarak allazi biyadihi al-Mulku* tekan rampung. Banjur sahabat iki nemoni Nabi *shallallahu 'alaihi wasallam* lan ngomong,

“Duh... Rasulullah, tenane aku wis masang tenda ing dhuwur kuburan, aku ora ngira menawa iku yaiku kuburan, dumadakan ana siji kang maca surah tabarok tekan rampung. Rasulullah *shallallahu 'alaihi wasallam* bersabda: Surat kuwi pinangka aling-aling lan penyelamat kang nylametake saka azab kubur.” (HR. Tirmidzi)

Jamaah shalat Jumat ingkang dirahmati Allah

Mekaten materi khutbah Jumat ing siang punika, mugi saget dados pitutur kang manfaat lan nasehat kang minulya kagem khotib pribadi lan jamaah samudayanipun.

أَقُولُ قَوْلِيْ هذَا وَأَسْتَغْفِرُ اللَّهَ إِنِّي وَلَكُمْ وَلِسَائِرِ الْمُسْلِمِيْنَ مِنْ كُلِّ ذَنْبٍ، فَاسْتَغْفِرُوهُ إِنَّهُ هُوَ الْغَفُورُ الرَّحِيمُ.

KHUTBAH KEDUA

الْحَمْدُ لِلَّهِ وَكَفَى، وَأَصْلَى وَأَسَّلَمَ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ الْمُصْطَفَى، وَعَلَى آلِهِ وَاصْحَابِهِ أَهْلِ الْوَفَا.
أَشْهَدُ أَنَّ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّداً عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ. اللَّهُمَّ صَلِّ
عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَاصْحَابِهِ أَجْمَعِينَ

أَيُّهَا النَّاسُ، اتَّقُوا اللَّهَ، وَافْعُلُوا الْخَيْرَاتِ، وَاجْتَنِبُوا السَّيِّئَاتِ. إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلِّونَ عَلَى
الَّتِي يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلَوَا عَلَيْهِ وَسَلَّمُوا تَسْلِيْمًا.

اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى وَعَلَى آلِهِ وَاصْحَابِهِ أَجْمَعِينَ
وَارْضِ عَنَّا مَعْهُمْ بِرَحْمَتِكَ يَا أَرْحَمَ الرَّاحِمِينَ
اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُؤْمِنِيْنَ وَالْمُؤْمِنَاتِ وَالْمُسْلِمِيْنَ وَالْمُسْلِمَاتِ الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ، إِنَّكَ قَرِيبٌ
مُّحِيطٌ بِالدَّعَوَاتِ.

رَبَّنَا لَا تُؤَاخِذْنَا إِنْ سَيِّئَنَا أَوْ أَخْطَأْنَا رَبَّنَا وَلَا تُخْمِلْ عَلَيْنَا إِصْرًا كَمَا حَمَلْتَهُ عَلَى الَّذِينَ مِنْ قَبْلِنَا
رَبَّنَا وَلَا تُخْمِلْنَا مَا لَا طَاقَةَ لَنَا بِهِ وَاغْفِرْ عَنَّا وَاغْفِرْ لَنَا وَارْحَمْنَا أَنْتَ مَوْلَانَا فَانْصُرْنَا عَلَى الْقَوْمِ
الْكَافِرِيْنَ -

رَبَّنَا اغْفِرْ لَنَا وَلِإِخْوَانِنَا الَّذِينَ سَبَقُونَا بِالْإِيمَانِ وَلَا تَجْعَلْ فِي قُلُوبِنَا غِلَّا لِلَّذِينَ آمَنُوا رَبَّنَا إِنَّكَ
رَءُوفٌ رَّحِيمٌ.

سُبْحَانَ رَبِّكَ رَبِّ الْعِزَّةِ عَمَّا يَصِفُونَ وَسَلَامٌ عَلَى الْمُرْسَلِينَ وَالْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ
عِبَادَ اللَّهِ! إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُ بِالْعَدْلِ وَإِلَيْهِ الْحُسْنَى وَإِيتَاءِ ذِي الْقُرْبَى وَيَنْهَا عَنِ الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ
وَالْبَغْيِ يَعْظُلُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ وَادْكُرُوا اللَّهَ الْعَظِيمَ يَدْكُرُكُمْ وَاشْكُرُوهُ عَلَى نِعَمِهِ يَرِدُكُمْ وَلَذِكْرُ
اللَّهِ أَكْبَرُ أَقِيمُوا الصَّلَاةَ.